## ФИЗИКАЛЫҚ ТӘРБИЯ ҲӘМ СПОРТ

# PARA QÍLÍSHPAZLÍQ SPORTÍ ÁYELLER SHPAGA (A) BAǴDARÍ BOYÍNSHA 1-3- PARA AZIYA OYÍNLARÍ CHEMPIONLARDÍŃ ORTASHA JASÍ HÁMDE SPORT NÁTIYJELERINIŃ ANALIZI

**_Kadirimbetov R.N._**
*Ózbekstan mámleketlik dene tárbiyası hám sport universiteti Nókis filialı “Sport oyınlari” kafedrası assistent-oqıtıwshısı*

**Tayanch so’zlar:** raqobat darajasi, malakasi, sport natijalari, faoliyat turlari, tajriba almashish, musobaqalar tahlili, Imkoniyatlar darajasi, ayollar sporti, yosh toifalari.

**Ключевые слова:** уровень конкуренции, квалификация, спортивные результаты, виды деятельности, обмен опытом, анализ соревнований, Уровень возможностей, женский спорт, возрастные категории.

**Key words:** level of competition, qualification, sports results, types of activities, exchange of experience, analysis of competitions, Level of opportunities, women’s sports, age categories.

Aktuallıǵı. Elimizde fizikalıq múmkinshiligi sheklengen hám mayıplıǵı bolǵan shaxslarǵa sport penen shuǵıllanıw ushın zárúr shárt-sharayatlar jaratıw, olardıń xalıq aralıq sport maydanlarında múnásip qatnasıwın taminlew hám mámleket tárepinen qollap-quwatlaw maqsetinde, sonıń menen birge Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020 -jıl 24-yanvar daǵı «Ózbekstan Respublikasında dene tárbiyası hám sporttı jáne de jetilistiriw hám ǵalabalastırıw ilajları tuwrısında» ǵı PF-5924-san hám 2020 -jıl 30 -oktyabrdegi» Salamat turmıs tárizin keń en jaydırıw hám ǵalabalıq sporttı jáne de rawajlandırıw ilajları tuwrısında» ǵı PF-6099 -san pármanlarına muwapıq: Múmkinshiligi sheklengen insanlardıń bos waqıtların mazmunlı shólkemlestiriw múmkinshiliginen kelip shıǵıp ámeldegi sport túrlerine jóneltiriw, xalıq aralıq jarıslarǵa tayarlawdan ibarat.

**Izertlew maqseti.** Para qılıshpazlıq sportınıń áyeller shpaga (A) baǵdarında I-II-III paraaziya oyınları chempionlardıń ortasha jası hámde sport nátiyjelerin analiz qılıw.

**Izertlew usılları.** Jetekshi mámleketler tájiriybelerin úyreniw saralaw, saralanǵan metodlar arqalı joqarı maman para qılıshpazlardı tayarlawǵa erisiw.

Jurtımızdağı iskerlik alıp baratırǵan sport mektepler, olimpiada hám paraalimpiya rezervleri tayarlaw orayları, institut hámde universitetler hám basqa sport iskerligi oraylarında sport túrlerine tiyisli maǵlumatlar bazasın jaratıwda kómeklesiw.

**Izertlew wazıypaları.** Izertlewde jergilikli hám shet el ádebiyatlarındaǵı maǵlıwmatlardı ilimiy-teoriyalıq analiz qılıw xalıq aralıq reytińdegi maman jetekshi hayal para qılıshpazlar nátiyjelerin hámde chempionlıqtıń ortasha jasın anıqlap úyreniw anıqlanǵan maǵlumatlardan paydalanıp dúnya mámleketleri para qılıshpazları menen múnásip básekilesiw dárejesine erisiw. Para qılıshpazlıq baǵdarı (A) baǵdarına tiyisli hayal para qılıshpazlarınıń kóp jıllıq tayarlıq basqıshınıń tiykarǵı wazıypaların úyreniw hám olar tómendegiler:

– Aziyanıń eń kúshli joqarı maman para qılıshpazlıq shpaga baǵdarı (A) katigoriyaǵa tiyisli hayal sportshılarınıń iskerligin úyreniw.
– Paraaziya oyınları para qılıshpazlıq shpaga baǵdarı (A) katigoriyaǵa tiyisli joqarı nátiyjege erisken hayal sportshılarınıń jası hámde joqarı nátiyjege (chempionlıq) ushın kansha múddet sarıplaǵanın analiz qılıw.
– Paraaziya jarısları para qılıshpazlıq baǵdarında nátiyjeli qatnasıw tájiriybesin jánede jetilistiriw hámde xalıq aralıq taypadaǵı sport ustaların jaratıwdan ibarat.

**Izertlew nátiyjeleri hám onıń talqılawı.** Aziyanıń eń kúshli joqarı maman para qılıshpazlıq baǵdarı (A) kategoriyaǵa tiyisli hayal sportshılarınıń iskerligin úyreniw. Joqarı nátiyjelerge jerisken para qılıshpazlardıń sport iskerligin úyrenip shıǵıw, milliy saylandı komanda aǵzalarına hámde rezervdegi para qılıshpazlardı tayarlawda keń paydalanıwdan ibarat. 2010 -jıl 1-Paraaziya oyınları para qılıshpazlıqtıń shpaga (A) baǵdarı áyeller bellesiwlerinde 26 jaslı Gankong wákili Yu Shuy Yi 1-orındı iyelegen. 2-Paraaziya oyınları 2014-jıl Qubla Kareyanıń Incheon qalasında 19-22 oktyabr kúnleri bolıp ótti. Bul jarısta para qılıshpazlıqtıń shpaga (A) baǵdarı áyeller jekelik bellesiwlerinde Xıtaylıq Rong Jing altın medaldı qolǵa kirgizdi. Rong Jing 25-noyabr 1988 jılda tuwılǵan. Ol 2014-jıl paraaziya oyınları altın medalına iye bolǵanda 26 jasta bolǵan. 2018-jıl 3-Paraaziya oyınları para qılıshpazlıqtıń shpaga (A) baǵdarı áyeller bellesiwlerinde Xıtay wákili Tszou Syufen Xıtay 1-orındı iyelegen. Ol 2018-jıl paraaziya oyınları altın medalına iye bolǵanda 23-jasta bolǵan. Bul joqarıdaǵı keltirilgen maǵlıwmatlar para qılıshpazlıq sportınıń (A) baǵdarı áyeller ortasında keshken bellesiwlerdiń juwmaqlawshı isenimli maǵlıwmatları esaplanıp para qılıshpazlıq sportında dúnya kólemindegi jetekshi mámleketlikler izbe-izligin anqlap berdi. Sol orında bul jetekshi mámleket wákilleriniń jeńislikti qolǵa kirgizgen waqtındaǵı jasın hám biliw imkaniyatın beredi. Paraaziya oyınlarınıń para qılıshpazlıq haqqındaǵı maǵlıwmatlar arqalı para qılıshpazlıqta áyeller shpaga (A) baǵdarında nátiyjege erisken sportshılardıń ortasha jasın anıqlawǵa

múmkinshilik beredi. Sportshı tańlawda jasına itibar beriw eń zárúr faktorlardan biri esaplanadı. 1-kestege itibar beriń.

**1-keste: I-II-III-Paraaziya oyınlarınıń Para qılıshpazlıq sport jekelik áyeller shpaga (A) bağdarı bellesiwlerinde 1-2-3 orınlardı iyelegen sportshılardıń mağlumatları.**

**1-keste**

| **Paraaziya oyınlarınıń para qılıshpazlıq shpaga áyeller (A) bağdarı boyınsha 1-orındı iyelegen sportshılar haqqında mağlıwmatlar.** | | |
|---|---|---|
| **Jarıs atı** | **1-orındı iyelegen sportshılar jası** | **1-orındı iyelegen sportshılar mámleketi** |
| 2010 -jıl | 2010 -jıl<br>Yu Shuy Yi. 26 jas | Gankong |
| 1-Paraaziya oyınları | 2014-jıl<br>Rong Jing. 26 jas | Xıtay |
| 2014-jıl | 2018-jıl<br>Tszou Syufen. 23 jas | Xıtay |
| **Paraaziya oyınlarınıń para qılıshpazlıq shpaga áyeller (A) bağdarı boyınsha 2-orındı alğan sportshılar haqqında mağlıwmatlar.** | | |
| Jarıs atı | 2-orındı iyelegen sportshılar jası | 2-orındı iyelegen sportshılar mámleketi |
| 2010 -jıl<br>1-Paraaziya oyınları | 2010 -jıl<br>Kim Sun-Mi 22 jas | Arqa Karea |
| 2014-jıl<br>2-Paraaziya oyınları | 2014-jıl<br>San Gang 21 jas | Xıtay |
| 2018-jıl<br>3-Paraaziya oyınları | 2018-jıl<br>Zou Xufeng 29 jas | Xıtay |
| **Paraaziya oyınlarınıń para qılıshpazlıq shpaga áyeller (A) bağdarı boyınsha 3-orındı alğan sportshılar haqqında mağlıwmatlar.** | | |
| 2010 -jıl<br>1-Paraaziya oyınları | Pán Pui shan 35 jas | Gankong |
| 2010 -jıl<br>1-Paraaziya oyınları | 2010 -jıl<br>Rong Jin 22 jas | Xıtay |
| 2014-jıl<br>2-Paraaziya oyınları | 2014-jıl<br>Andera Mogos 26 jas | Tailand |
| 2014-jıl<br>2-Paraaziya oyınları | 2014-jıl<br>Yu Shuy Ye 32 jas | Xıtay |
| 2018-jıl<br>3-Paraaziya oyınları | 2018-jıl Yu<br>Kim Sin-mi 30 jas | Arqa Karea |
| 2018-jıl<br>3-Paraaziya oyınları | Shui Ye 34 jas | Gankong |

Joqarıdağı berilgen 1-keste arqalı Aziyanıńı eń jetekshi hayal para qılıshpazlarınıń iyelegen orınların, qaysı mámleket wákili ekenligi, olardıń jası, jarıslardıń ótkerilgen jılı keltirilgen. Keltirilgen mağlıwmatlar biziń mámleketimiz para qılıshpaz trenerler hámde sportshılar ushın qanshellik paydalı ekenin hár bir mağlıwmattan aqılğa say paydalanıw imkaniyatın beredi. Mısalı: 2010–jıldağı I-paraziya oyınlarınıń para qılıshpazlıq áyeller shpaga (A) bağdarı jeńimpazı 26 jaslı Gankong wákili Yu Shuy Yi bizge sportta jas normativleriniń ortashasın tańlaw imkaniyatın beredi. Para qılıshpazlıqtı jańa baslağan mámleket ushın Paraaziya oyınlarında absolyut jeńimpaz bolğan sportshınıń mámleketinde oqıw jıyın shınığıwların, doslıq ushırasıwları hámde sport túrine tiyisli túrli ilajlardı ótkeriw hám maqsetke muwapıq hám múnásip júriw dep esaplawımız múmkin. Ámelde paraaziya oyınlarında joqarı nátiyjelerge jerisken Xıtay, Arqa Karea, Gankong hám Tailand mámleketlerinen olardıń para qılıshpazlıq bağdarı boyınsha alıp baratırğan jumısları, tarawdıń jetik trenerleri, taraw ádebiyatları, joqarı maman sportshılarınıń iskerligin úyreniw analiz etiw Ózbekstanda para qılıshpazlıq sportın rawajlandırıwda paydalanıw zárúr áhimiyetke iye.

**1-diogramma. Para qılıshpazlıq áyeller shpaga (A) bağdarınıń Aziyadağı tórt jetekshi mámleketleri izbe-izlik diagramması.**

Xıtay Arqa korea Gankong Tayland

**Para qılıshpazlıqtıń Aziyada jetekshi mámleketleri**




Bul diogramma arqalı biz sonday juwmaqlar alıwımız múmkin joqarı nátiyjelerge jerisiw ushın joqarı nátiyjelerge erisken sportshılar menen birgelikte ámeliy hám teoriyalıq iskerlik alıp barıwmız kerek onıń ushın qanday mámleket tańlaw zárúr. Bul 1-diogrammada eń joqarı nátiyjelerge iye mámleket Xıtay xalqı Respublikası ekenligi kóringen sonday eken bul mámlekette para qılıshpazlıq

joqarı dárejede rawajlanǵan hám bul mámleket penen tájiriybe almasıw tuwrı tańlaw boladı.

Para qılıshpazlıqta sportshı tańlaw hám jeńiske erisiwdiń 50% kórsetkishi desek bórttirip aytılǵan gáp bolmaydı. Sportta ásirese para sportta sport klasslarına sáykes keletuǵın sportılar fizikalıq múmkinshiliklerin hám eń áhmiyetli sportshı tańlawda jasına itibar beriw kerek bolıp tabıladı. 1-kestede keltirilgen para qılıshpazlıq dúnyasında jeńiske erisiw, joqarı maman hám ataqlı sportshılardıń paraaziya oyınlarında para qılıshpazlıq shpaga (A) baǵdarı boyınsha jeńimpazlıqtı qolǵa kirgizgen waqıttaǵı jasları kóringen. Bunday maǵlumat para qılıshpazlıq trenerlerine sportshı tańlawda onıń jasına itibar beriw hám 1-kesteden paydalanıwı ózleri tańlaǵan para qılıshpazlıqtıń basqa baǵdarları, basqa klassları (jónelis) ndaǵı chempionlardıń jasın úyreniw arqalı ózleri ushın juwmaq alıp sportshı tańlawda ózlerine maqul kelgen jas taypaların tańlawdı ámelge asırıwları múmkin.

Náwbettegi diagrammada kórsetilgen maǵlumatlardan paydalanıw yaki ózleri tańlaǵan jónelis hám para qılıshpazlıq túrlerinen biri haqqında maǵlumatlar bazasın jaratıp ózi ushın jónelis etip belgilep alıwları múmkin. Trenerler óz imkaniyatlarınan kelip shıǵıp jobalar dúzib alıw sportta trenerlik iskerligin alıp barsa maqsetke muwapıq boladı.

I-II-III-paraaziya oyınları para qılıshpazlıq shpaga áyeller (A) baǵdarı boyınsha joqarı nátiyjege erisken sportshılardıń jasları kórsetilgen hámde procentler menen kórsetilgen joqarıda aytıp otkenimizdey para sportshılar tańlawda jónelisler kesiminde olardıń jaslarına da áhimiyet beriw áyne maqsetke muapıq bolıp tabıladı. 2-diogrammada 1-2-3-Paraaziya oyınları para qılıshpazlıq áyeller shpaga



(A) baǵdarı jeńimpaz sportshılardıń jası kórsetilgen diogrammanı baqlaw arqalı jeń joqarı procent 26 jaslı paraqılıshpaz áyeller úlessine tuwrı kelgen hám basqa jas wákillerin procentlerde kóriwińiz múmkin. Sonı maǵlumat ornında qosımsha etiwimiz múmkin I-II-III-paraaziya oyınları para qılıshpazlıq áyeller shpaga (A) baǵdarı jeńimpazlarınıń ortasha jası 21 jastan 35 jasqa shekemligin kóriwimiz múmkin álbette bul ózgerip turıwshı jaǵdaylardan biri ekenligi hámmege málim.

**2-diogramma 1-2-3-Paraaziya oyınları para qılıshpazlıq áyeller shpaga (A) jónelis jeńimpaz sportshılardıń jası kórsetilgen diogramma procentlerde kórinisi.**

Joqarıdaǵı maǵlumatlardan hámde 2-diogrammada kórinip turǵanı sıyaqlı 26 jaslı hayal para qılıshpazlar sanı paraaziya oyınlarında qalǵan jas wákillerine salıstırǵanda kóbirek ekenligi mámleketimizde joqarı maman sportshılar tayarlawda álbette abıraylı jarıslar waqtı hám tayarlap atırǵan sportshılarımız jasına ahimiyetli bolıwın talap etedi. Ápiwayılaw etip aytqanda jası júdá kishi yaki jası úlken sportshılar berilgen wazıypanı ámelge asırıwı áyne kúshke tolǵan jastaǵı sportshıǵa salıstırǵanda parıq etiwi haqiyqat sol sebepten hám abıraylı hám kúshi joqarı jarıslarǵa maqul jastaǵı múnásip sportshılar tańlaw joqarı nátiyjelerge erisiw trenerlerdiń moynındaǵı wazıypa esaplanıp anıq maǵlumatlarǵa súyene otirip tańlaw qılıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

**Juwmaq.** Imkaniyatı sheklengen insanlar menen islew hár qanday tarawda da ózine muwapıq quramalılıqlar keltirip shıǵarıwı múmkin biraq ózine muwapıq jaqsı kórinisleri insandı minnetdar etiwshi tárepleride júdá kóp. Atap aytqanda sport tarawında da imkaniyatı sheklengen insanlar menen islew joqarı sport arenalarnaa alıp shıǵıw hám sportshıǵa hám onıń trenerlerine sóz benen táriyplep bolmaytuǵın quwanıshlar baxsh etedi.

Para qılıshpazlıq sportı áyeller shpaga (A) baǵdarında 1-3- paraaziya oyınları chempionlardıń ortasha jası hámde sport nátiyjeleri teması maydanınan sonday juwmaq alıwımız múmkin haqıyqattan da joqarı maman sportshılar menen shınıǵıwlar alıp barıw hár bir sportshı ushın óziniń múmkinshiliklerin tekserip alıw ushın múmkinshilikdur. Insan tábiyatan ózinen kóre bilimli bolǵan basqa insannan bilim alıwdı qaleydi. Sportta hám joqarı maman sportshılar menen birgelikte ótkerilgen shınıǵıwlar álbette sportshılar ushın jaqsı nátiyjesin beredi.

Joqarı nátiyjelerge erisiw ushın mámleketlerara oqıw jıyın shınıǵıwlarında qatnasıw, oqıw jıyın shınıǵıwları sportshılarǵa tasiri joqarı bolıwı ushın álbette joqarı nátiyjelerge erisken mámleketlikler menen sheriklik qılıw maqsetke múwapıq, sózimiz tastıyǵı retinde 1-kestede keltirilgen paraaziya oyınlarında para qılıshpazlıq boyınsha medallar esabına názer salsaq birinshi orındı Xıtay mámleketi iyelep turıptı odan juwmaq qılıw múmkin para qılıshpazlıq boyınsha Aziya mámleketleri arasında Xıtay menen óz-ara oqıw jıyınlar taraw bilimleri

almasınıwın jolǵa qoyıw múmkin. Basqa sport túrleri hám olardıń baǵdarları boyınsha joqarı orınlarda turıwshı mámleketlerdi analiz etip maqul kelgen mámleketliklerdi tańlap óz-ara munasábetlerge kirisiw maqsetke muwapıq boladı.

Sportshı tańlaw bul trenerler ushın awır tańlaw esaplanadı sebebi bul tańlaw keleshekti shamalawdı talap etedi. Bul tańlawǵa álbette barlıq trenerler turaqlı túrde tuwrı kelip turadı, sonday jaǵdaylarda sport baǵdarı kesiminde jarıslardı analiz qılıw joqarı nátiyjelerge erisken sportshılardıń jasın úyreniw analiz nátiyjelerine kóre maqul bolǵan sportılar tańlawın ámelge asırıw hám jobalar tiykarında iskerlik alıp barıw joqarı nátiyjelerge erisiwde tuwrı tańlaw bolıp

**Ádebiyatlar:**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020 -jıl 24-yanvardaǵı «Ózbekstan Respublikasında dene tárbiyası hám sporttı jánede rawajlandırıw hám ǵalabalastırıw ilajları tuwrısında» ǵı PF-5924-san hám 2020 -jıl 30 -oktyabrdegi» Salamat turmıs tárizin keń en jaydırıw hám ǵalabalıq sporttı jánede rawajlandırıw ilajları tuwrısında» ǵı PF-6099 -san parmanlarına muwapıq: Imkaniyatı sheklengen insanlardıń bos waqıtların mazmunlı shólkemlestiriw múmkinshiliginen kelip shıǵıp ámeldegi sport túrlerine jóneltiriw. ( Lex. uz)

2. Canadian fencing wheelchair. 2018-2019. (2-10)

3. Международные правила проведения соревнований по фехтованию на колясках. (2-156)

4. Особенности и перспективы развития фехтования на колясках в республике беларусь Ушакова Н.А. (267-269)

5. International Wheelchair Fencing Committee Rules & Regulations (1-16) https://geocities.ws/fencinghq/wcfrules.pdf

6. USA Fencing 2016-2017 Athlete Handbook (107-108) www.usfencing.org

**РЕЗЮМЕ**

Ushbu maqolada nogironlar aravachasida qilichbozlik bo‘yicha ayollar o‘rtasida “A” toifasi bo‘yicha I-III Paraosiyo o‘yinlari chempionlarining o‘rtacha yoshi va Paraosiyo o‘yinlarida sportchilar erishgan yuqori sport natijalarini tahlil qilish orqali yuqori malakali sportchilarni tayyorlash ko‘rib chiqiladi. nogironlar aravachasini fextavonie qilish, ular qaysi davlatlarga mansubligi, mohiyati ideal reja tuzish va nogironlar aravachasini fextavonie qilishda bosqichma-bosqich samaradorlikka erishish davri ochib berilgan. Ushbu tadqiqot nogironlar aravachasida qilichbozlik bo’yicha yuqori samarali A toifali sportchilarning natijalarini ochib berdi.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассмотрен средний возраст чемпионов I-III Параазиатских игр по фехтованию на колясках на шпагах класса А у женщин и подготовка спортсменок высокой квалификации посредством анализа высоких спортивных результатов достигших спортсменками на Параазиатских играх по фехтованию на колясках, к каким странам они относятся, раскрывается суть периода создания идеального плана и поэтапного достижения эффективности в фехтования на колясках. В данном исследовании выявлены результаты высокоэффективных спортсменок класса А по фехтованию на колясках.

**SUMMARY**

This article examines the average age of the champions of the I-III Para-Asian Games in wheelchair fencing with swords of class A for women and the training of highly qualified athletes by analyzing the high sports results achieved by athletes at the Para-Asian Games in wheelchair fencing, which countries they belong to, reveals the essence of the period of creating an ideal plan and step-by-step achievement of efficiency in wheelchair fencing. In this study, the results of high-performance athletes of class A in wheelchair fencing were revealed.